

Nim. 2.1

DEKRÈ EGZEKITIF

KONTINYE DEKLARASYON IJANS KATASTWÒF NAN KONTE BRONX, DUTCHESS, KINGS, NASSAU, NEW YORK, ORANGE, PUTNAM, QUEENS, RICHMOND, ROCKLAND, SUFFOLK, SULLIVAN, ULSTER, WESTCHESTER AK KONTE VWAZEN YO

KONSIDERE KE, nan 1ye septanm 2021 ak apre, Depresyon Pòs Twopikal Ida te kreye kondisyon danjere nan Eta New York ki poze yon danje iminan pou transpò piblik, sèvis itilite piblik yo, ak sistèm sante ak sekirite piblik nan konte Bronx, Dutchess, Kings, Nassau, New York, Orange, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, Sullivan, Ulster, Westchester, ak konte vwazen yo;

KONSIDERE KE, Tanpèt Twopikal Ida te pwodui lapli vyolan ak inondasyon. Kondisyon sa yo te lakoz plis pase 31,300 pàn kouran, pye bwa ki tonbe, inondasyon rapid nan kèk lokal, fèmti wout, entèripsyon vwayaj yo, ak dega nan pwopriyete piblik ak prive toupatou atravè zòn ki te afekte yo, ki kontinye poze yon menas pou sante ak sekirite piblik;

KONSIDERE KE, nan 2 septanm 2021, mwen te pibliye yon Dekrè Egzekitif Nimewo 2 ki deklare yon Eta Ijans poutèt Katastwòf nan Eta a nan konte Bronx, Dutchess, Kings, Nassau, New York, Orange, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, Sullivan, Ulster, Westchester, ak konte vwazen yo;

KOUNYE A, AN KONSEKANS, MWEN, KATHY HOCHUL, Gouvènè Eta New York la, konfòmman ak otorite Konstitisyon Eta New York la ak Seksyon 28 Atik 2-B Lwa Egzekitif la te konfye mwen, avèk dokiman sa a, mwen bay lòd pwolonje eta dijans poutèt katastwòf jan sa deklare nan Dekrè Egzekitif Nimewo 2 a epi kontinye kenbe anvigè tèm, kondisyon, ak sispanasyon yo ki nan Dekrè Egzekitif Nimewo 2 rive nan 17 oktòb 2021.

ANPLIS DE SA, avèk otorite mwen genyen dapre Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la pou sispann oswa chanje pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt òganis pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas a katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas a katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, mwen chanje pwovizwaman, pou peryòd ant dat Dekrè Egzekitif sa a antre an vigè a jis nan dat 17 oktòb 2021, lwa ki annapre yo:

- Seksyon 179-S nan Lwa sou Finans Eta a, nan mezi li nesèsè pou pa bezwen apwobasyon Pwokirè Jeneral ak Kontwolè Eta a ankò pou kontra ki nesèsè pou reponn ak ijans lan.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany nan disetyèm
jou mwa septanm nan ane de mil venteyen.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a